



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ASISTANS ELAJI POU BENEFISYÈ MEDICARE KI GEN REVNI KI KALIFYE**

***Aksè nan nouvo avantaj pwogram Medicare ki elaji yo pou ekonomize benefisyè yo an mwayèn 7,000 dola chak ane apati 2023***

***Pwogram objektif konsèy pou asirans sante a disponib pou ede ak depiste benefisyè yo pandan enskripsyon Medicare ki ouvri apati kounye a jiska 7 desanm***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis Nouyòkè pral elijib pou asistans finansye adisyonèl an 2023 atravè nouvo pwogram Epay Medicare ki elaji a. Adopte atravè Bidjè Eta ane fiskal 2023 a, ogmantasyon limit revni pou kalifikasyon yo pral ede granmoun aje yo ak moun ki andikape yo peye pou depans swen sante yo, sa yo estime ki ekonomize yo an mwayèn 7,000 dola chak ane.

"Nou gen yon obligasyon pou nou ede granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo vyeyi nan kominote yo avèk diyite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou elaji kalifikasyon pou Pwogram Epay Medicare, nou kapab asire ke yon pi gwo kantite Nouyòkè sa yo pa akable akòz depans swen sante yo. Mwen ankouraje tout benefisyè ki kalifye pou yo aplike pou pwogram sa a pou yo ka ekonomize lajan epi amelyore kouvèti swen sante yo".

Apati mwa janvye, limit kalifikasyon revni mansyèl yo pou Pwogram Epay Medicare la ap ogmante nan anviwon 2,107 dola pou yon moun ak 2,839 dola pou yon koup, dapre nivo federal povrete 2022 a. Nouyòkè yo ka aplike pou pwogram sa a pandan tout ane a ak pandan enskripsyon ki ouvri, ki te kòmanse nan kòmansman mwa sa a epi ki kontinye jiska 7 desanm.

Asistans elaji a ap antre anvigè an 2023, men tout benefisyè yo ta dwe tcheke pou wè si yo kalifye dapre nouvo direktiv yo. Limit revni ofisyèl yo pral mete ajou apre nouvo nivo federal povrete a antre anvigè ane pwochèn. Estimasyon yo endike benefis sa yo ka ekonomize moun ki enskri yo an mwayèn plis pase 7,000 dola chak ane ki baze sou depans prim chak mwa ak valè benefis Èd Siplemanntè a, pwogram federal sibvansyon pou medikaman sou preskripsyon Pati D.

Pwogram Epay Medicare la ede granmoun aje ak moun ki andikape k ap viv avèk revni limite nan peye prim Medicare Pati B yo - apeprè 170 dola chak mwa ane sa a ak 165 dola chak mwa apati 2023 - epi otomatikman enskri yo nan Èd Sipleman tè. Asistans finansye sa a kapab yon mwayen sekou pou moun ki enskri yo, sa ki pèmèt yo kenbe kouvèti Medicare yo, jwenn aksè nan swen ki nesèsè yo, epi peye lòt nesèsite tankou manje ak lwaye.

Èd la disponib tou nan chak konte atravè Pwogram Enfòmasyon, Konsèy ak Asistans pou Asirans Sante nan tout eta a, ke Biwo Eta New York pou Granmoun Aje ap administre. Pwogram sa a ofri konsèy gratis ak objektif pou benefisyè Medicare ki bezwen asistans pou aplike pou Pwogram Asistans Medicare oswa nenpòt lòt kesyon ki gen rapò ak Medicare piske kounye a ke peryòd enskripsyon federal Medicare ki ouvri a anvigè.

Ou ka kontakte yon konseye lokal lè w rele liy asistans nan tout eta a nan 1-800-701-0501. Nou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike pou pwogram sa [sou entènèt](#).

**Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,** "Ansanm ak rezo founisè nou an ane pase a, nou te ede plis pase 16,000 benefisyè avèk aplikasyon yo pou pwogram Epay Medicare ak lòt pwogram ki kalifye pou revni yo, ki te ede yo ekonomize plis pase 48 milyon dola nan Medicare ak depans pou preskripsyon. Gras a angajman Gouvènè Hochul pran pou l ede granmoun aje ak moun ki gen andikap, nou pare pou nou bay Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk depans swen sante ak lòt depans plis sipò toujou".

**Prezidan Sant Dwa Medicare la, Fred Riccardi, te deklare,** "Apati 2023, chanjman istorik sa a pral ede prèske 300,000 Nouyòkè anplis jwenn aksè nan benefis enpòtan yo bezwen yo epi ede yo avèk depans pou lavi chak jou. Li pral dirèkteman ogmante revni sekirite sosyal yon moun ki kalifye nan peye tout depans prim Medicare Pati B a. Enskripsyon otòn Medicare ki ouvri a se moman ke moun ki gen Medicare ka fè chanjman san restriksyon nan opsyon kouvèti asirans yo epi nou ankouraje tout moun pase pwosesis seleksyon pou Pwogram Epay Medicare epi aplike lè yo kalifye".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418